



Regleman Chanselye (Chancellor's Regulation, CR A-670) (Pwomnad lekòl):

Fòm pou avize paran/fòm pou paran bay konsantman – pwomnad pou pase nwit deyò/plis pase yon jou

SONJE: Nou ka voye lòt enfòmasyon sou pwomnad ansanm ak fòm sa a dapre sikostans inik pou yon pwomnad anpatikilye. Tout lòt chanjman egzije konsantman Biwo sèvis legal.

AVI/FÒM KONSANTMAN POU PARAN

**PWOMNAD POU PASE NWIT DEYÒ/PLIS PASE YON JOU Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City
Department of Education, NYCDOE) patwone**

Non: _____ Klas: _____

Lekòl (mete lòt moun k ap patwone pwomnad la si genyen): _____ Dat pwomnad la: ____ / ____ / ____

Kowòdonatè pwomnad la: _____

Kote nou prale: _____

Kote n ap derape: _____ Lè n ap derape: _____

Kote n ap retounen: _____ Lè n ap retounen: _____

Mwayen Transpò: _____

Non otèl la ak nimewo telefòn li (si y ap pase nuit deyò): _____

Objektif pwomnad la: _____

Abiman/ekipman espesifik ki obligatwa pou pwomnad sa a: _____

Pwomnad sa a gen ladan aktivite fizik ak espòtif sa yo (paegzanp naje, monte cheval, patine sou glas, fè eski, monte nan bato) : _____

- a) Mwen konnen gen risk domaj ki mache ak aktivite fizik ak espò nou endike pi wo a epi mwen dakò pou pitit mwen an patisipe nan tout aktivite sa yo eksepte nan sa yo:

- b) Tanpri fè konnen pi ba a tout pwoblèm medikal tanporè oswa pèmanan oswa lòt pwoblèm, tankou dyèt espesyal ak bezwen medikaman, oswa bezwen èd pou wè ak tandé, nou ta dwe konnen konsènan pitit ou a:

-
- c) Mwen dakò pou manm estaf ki responsab pwomnad la ka aji nan plas mwen, epi pou mwen peye frè yo pou yo bay pitit mwen an swen medikal, nan ka ijans si li ta pran chòk oswa si l ta malad.
 - d) Mwen responsab pou m depoze ak pase pran pitit mwen an kote yo endike pi wo a, lè li prale ak lè l ap tounen. Mwen konprann gen yon manm estaf la k ap akonpaye pitit mwen an lè li prale kote y ap derape a pou ale kote yo prale a, ak lè y ap retounen.
 - e) Mwen konnen lekòl la ka deside chanje pwomnad la, akomodasyon ak lòt aranjman yo si yo jije li nesesè pou fè sa. Y ap enfòme m sou chanjman sa yo lè sa posib.
 - f) Mwen konprann lè lekòl la fè aranjman vwayaj ak akomodasyon pou pitit mwen an, yo chwazi liy ayeryèn komèsyal, tren, restoran, otèl ak lòt sèvis men lekòl la pa gen kontwòl sou pèfòmans ak sèvis yo. Pakonsekan, lekòl la pa responsab pou aksyon enstitisyon komèsyal sa yo, tankou bagay ki pèdi, lojman ki pa satisfezan ak ranbousman, men se pa sa sèlman.
 - g) Mwen konprann nou atann pou pitit mwen an byen konpòte l epi pou l suiv kòd disiplin ak règleman lekòl la.
 - h) Mwen dakò epi mwen konprann mwen responsab pou zak pitit mwen an. Mwen pa bay lekòl la okennn responsabilite ak reklamasyon ki ta rive akoz pwomnad la, eksepte si sa rive akoz neglijans responsab lekòl la.
 - i) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad. Anplis, mwen konprann ke si yo rapòte yon vyolasyon grav ki rive pandan pwomnad la, se lekòl la k ap deside si pou l voye pitit mwen an lakay li, apre yo fin enfòme m. Mwen konnen ke si yo voye pitit mwen an lakay li pi bonè, mwen responsab pou tout depans ki fèt akoz ranvwa bonè sa a epi mmwen pèdi tout lajan mwen te peye ke lekòl la pa ranbouse.
 - j) Mwen konprann ke lekòl la ka entèdi elèv ki vyole kòd disiplin lekòl la patisipe nan yon pwomnad.
 - k) Nan ka ijans, nou ka kontakte m nan : Lajounen: (_____) _____ Aswè: (_____) _____
Lòt kontak: Non: _____
 - l) Mwen bay pitit mwen an otorizasyon pou patisipe nan pwomnad lekòl sa a.

(Siyati Paran/Responsab)

(Dat)

DEKLARASYON ELÈV LA

(pou elèv lekòl presegondè ak segondè siyen)

Mwen li fòm sa a epi mwen konnen ke mwen sipoze konpòte m nan pwomnad sa a menm jan yo atann pou mwen konpòte m nan lekòl la.

(Siyati elèv la)

(Dat)